



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 46.9 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN ENFRASTRIKTI ATRAVÈ REJYON FINGER LAKES LA

Pwojè yo ap repare pon, restore chose epi fè lòt amelyorasyon pou ranfòse sekirite ak mobilite pou chofè, pyeton ak siklis yo

Nou raple otomobilis yo pou rete vijilan epi ralanti nan zòn travay yo

Investisman an konplete "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay yo kòmanse pou yon seri pwojè k ap ranfòse sekirite epi amelyore mobilite pou chofè, pyeton, ak siklis atravè Region Finger Lakes la. Pwojè sa, ki reprezante yon investisman 46.9 milyon dola nan enfrastrikti rejyon an, ap repare pon kle yo, restore sifas wout yo, rekonfigire entèseksyon yo epi fè lòt amelyorasyon k ap ede fè moun ak komès yo kontinye deplase sou wout ki pi frekante yo nan Finger Lakes, ki enkli Interstate 390 la. Yo fè pati angajman san presedan Gouvènè Hochul pou modènize enfrastrikti Eta New York epi investi nan pwojè ki fè pwomosyon ekite, konektivite ak opòtinite transpò pou kominote toupatou nan eta a.

“Li vital pou nou modènize enfrastrikti transpò nou pou asire ke tout kominote Eta New York yo rete konekte epi kontinye devlope epi pwospere,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Investisman sa yo nan Finger Lakes ap ogmante mobilite, diminye konjesyon, kreye wout ak pon ki pi rezistan epi rann li pi fasil pou chofè, siklis, ak pyeton yo deplase nan bèl rejyon eta nou an.”

Travay ki ankou nan sezon prentan sa se dezyèm ane yon pwojè 26.7 milyon dola pou repare chose sou Interstate 390 ant exit 10 ak 8 nan Konte Livingston. Pwojè sa te kòmanse ane pase a nan wout nan direksyon nò yo epi l ap kontinye ak ekip k ap fini travay nan wout direksyon sid yo jiska 2024. Interstate 390, ki se youn nan otowout ki pi enpòtan nan Eta New York, konekte pifò Rejyon Finger Lakes la ant I-86 nan sid rive nan Ontario State Parkway nan nò. Pwojè sa apiye siksè investisman 35 milyon dola anvan NYSDOT (New York State Department of Transport: Depatman Transpò Eta New York) pou repare chose ant exit 10 ak 12 sou tout I-390 la.

Lòt envestisman k ap fèt ane sa yo se:

- 6 milyon dola pou repare pon ki pote I-390 sou Commerce Drive nan Komin North Dansville, Konte Livingston. Pwojè a ap ranplase platfòm pon an, enstale nouvo pout epi fè reparasyon estrikti pou pwolonje lavi sèvis estrikti sa yo, ki asire ke vizitè ak rezidan yo ka itilize tout sa kominote Dansville la genyen pou ofri, ki enkli Pak Eta Stony Brook ki toupre a. Yo prevwa pwojè a ap fini nan prentan 2024.
- 4.8 milyon dola pou kontinye travay reparasyon chose ane pase a sou tout State Route 31 soti nan liy Konte Monroe-Konte Wayne lan rive nan Hamlet of Macedon, Konte Wayne. Lòt travay yo se ekstansyon kanivo ki toupre Wayneport Road ki egziste a, amelyorasyon twotwa ak ranp bòdi yo sou tout wout yo pandan tout pwojè a, epi fè modènizasyon nan siyalizasyon nan koridò a. Yo prevwa gwo travay la ap fini nan otòn 2024.
- 3.6 milyon dola pou modènize echanjè State Route 386 (Scottsville Road) ak I-390 komin Chili, Konte Monroe. Travay la genyen ladan l reyalizasyon ranp ki konekte I-390 ak State Route 386, mizajou siyalizasyon yo ak enstalasyon yon nouvo vwa sou ranp ki konekte I-390 nan direksyon sid la rive nan State Route 386 pou fasilite sikilasyon epi diminye reta yo. Ranp sa yo enpòtan anpil pou chofè yo pandan y ap fasilite aksè nan divès pwen enterè ki toupre, ki enkli Ayopò Entènasyonal Frederick Douglass Greater Rochester, Lopital Strong Memorial, Pak Genesee Valley, Enstiti Teknoloji Rochester. Yo prevwa pwojè a ap fini nan mwa out 2024.
- 2.6 milyon dola pou ranfòse entèseksyon State Route 18 (Latta Road) ak North Greece Road nan Komin Greece, Konte Monroe. Pwojè a ap enstale vwa pou vire agoch ki deziyen an epi modènize siyalizasyon sikilasyon nan entèseksyon ki frekante anpil sa. Yo prevwa pwojè a ap fini nan otòn 2024.
- 1.8 milyon dola pou amelyore State Route 31 ant State Route 19 ak Vwa Sikilasyon nan Komin Sweden, Konte Monroe. Travay la genyen ladan l repavman wout la ak enstalasyon yon vwa pou vire nan mitan ak yon nouvo sistèm drenaj sou tout wout kle sa ki sèvi koridò biznis ki toupre a epi bay aksè nan Vilaj Brockport nan nò, State Route 531 ki ale nan lès ak Konte Genesee nan lwès. Yo prevwa pwojè a ap fini nan mwa out 2024.
- 1.4 milyon dola pou repare State Route 5&20 soti nan Lake Street nan Vil Geneva, Konte Ontario rive nan liy Konte Ontario Konte-Seneca. Pwojè a ap

diminye de vwa nan wout la nan chak direksyon a yon vwa pou ale nan lès ak de liy vè lwès, k ap bay plis espas pou pyeton ak siklis yo. Pwojè a ap ranfòse konektivite pou atraksyon ki toupre yo, tankou anba lavil Geneva ak Pak Eta Seneca Lake, ansanm ak selèb Rejyon Diven Finger Lakes la sou Lak Seneca. Anplis, travay sa apiye pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Vil Geneva a pou amelyore State Route 5&20 nan vil la. Yo prevwa gwo travay la ap fini vè jwen 2024.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Sezon konstriksyon an sou nou, ki vle di w ap remake ekip nou yo deyò a k ap kontinye fè investisman istorik nan enfrastrikti Gouvènè Hochul yo pwogrese - k ap livre pwomès pou investi nan kominote nou yo. Lè nou investi nan rezo transpò nou an, nou investi nan siksè ak vitalite ekonomi rejyonal nou yo. Se poutèt sa, mwen kontan pou antame pwojè divèsifye sa yo nan Finger Lakes, k ap ede asire ke sistèm transpò nou an sekirize, fyab, ekitab epi rezistan pou itilizatè rezo a."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Lè nou fè amelyorasyon ki te nesèsè depi lontan sa yo nan kèk nan wout ki gen plis sikilasyon nan rejyon nou an — ki enkli Interstate 390 — sa enpòtan pou amelyore enfrastrikti transpò nou an epi revitalize kominote nou an. Pwojè reparasyon sa ap ede nou fè yon pa pi pre pou abòde bezwen transpò rejyon nou an epi fè pwomosyon ekite ak aksesibilite ke vwazen nou yo merite. Mwen rekonesan anvè Depatman Transpò Eta New York ak Gouvènè Hochul pou efò yo pou abòde pwoblèm sa yo, epi mwen pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Rejyon Nò New York la bezwen wout ak pon ki sekirize, espesyalman nan wout ant eta ki enpòtan anpil yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li priyoreze reparasyon sa yo ak NYSDOT pou travay yo pou fè 390 la vin yon wout ki fyab pou chofè ak vizitè kotidyen yo nan kominote nou an."

Senatè Eta Pam Helming te deklare, "Investisman nan enfrastrikti nan wout ak pon nou yo esansyèl pou kwasans ekonomik ak siksè rejyon nou an ak sekirite piblik la. Mèsi a eta nou an ak DOT rejyonal la ak ekip otowout lokal nou yo pou travay di san rete yo ak angajman yo."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Lè nou investi nan transpò ak enfrastrikti, sa enpòtan anpil pou sekirite ak pwosperite rejyon Finger Lakes. Modènizasyon sa yo ale pi lwen pase wout nou deplase sou yo ak pon nou travèse yo men sa pèmèt nou ogmante opòtinite devlopman ekonomik ak mendèv, pote egalite nan vil ak komin nou yo, epi sa ki pi enpòtan, konekte kominote nan tout Finger Lakes la pi byen."

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Mwen kontan pou m wè yo itilize fon sa yo nan rejyon an pou ede amelyore enfrastrikti pou tout moun. Sekirite chofè yo sou wout nou yo gen pi gwo enpòtan, alò li bon pou wè 1.8 milyon dola pou Rt. 31 nan Komin Sweden."

Manm Asanble Josh Jensen te deklare, "Mwen kontan pou wè eta New York kontinye ap envesti nan wout ak otowout nou yo. Pandan enfrastrikti nou an kontinye ap deteryore, envestisman sa enpòtan anpil pou kenbe tout moun ki itilize wout nou yo an sekirite. Mwen kontan espesyalman pou wè resous ki atribye pou mete ajou epi modènize Interstate 390 la. Mwen pa ka tann pou wè pwojè sa yo pote fwi ak enpak pozitif y ap genyen sou kominote ak rejyon nou an ann antye."

Manm Asanble Marjorie Byrnes te deklare, "Efè enfrastrikti nou afekte nou tout, chak jou ke se nan deplasman pèsònèl nou chak jou, livrezon kourye ak pake nou yo, oswa nan respons sèvis ijans yo. Pwojè konstriksyon sa yo nesesè pou kenbe sekirite vwayajè yo, asire repons ijans ki rapid, prevni domaj nan veyikil yo, ak plis toujou. Envestisman nan amelyorasyon ak reparasyon I-390 la p ap sèlman benefisye rezidan Konte Livingston yo men tou ki vwayaje vini nan bèl Konte Livingston ak rejyon Finger Lakes la."

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Yon envestisman nan enfrastrikti nou se yon envestisman nan pèp nou an. Ke se yon wout pou travay, lekòl, pou al wè zanmi oswa fanmi, nou tout itilize wout la, e State Route 31 an se yon gwo eleman nan vwayaj sa. Koridò sa pa sèlman mennen ou kote prale men se premye koudèy sou kominote nou an. Mwen remèsye DOT Eta a pou envestisman kontini yo nan enfrastrikti nou epi dèske yo asire ke nou tout genyen yon wout ki sekirize pou kondui ale lakay nou."

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Livingston, David L. LeFeber te deklare, "Efò ki fèt pou amelyore enfrastrikti nan tout Konte Livingston anpil, y ap jwe yon wòl kle pou fè devlopman ekonomik ak objektif touristik nou yo avanse alontèm. Envestisman nan wout, pon, otowout ak lòt enfrastrikti ki enpòtan yo ap ranfòse mobilite epi bay vizitè ak rezidan yo menm jan, plis opòtinite pou eksplòre tout sa Konte Livingston gen pou ofri. Mwen vle remèsye Eta a pou angajman li pou modènize epi kreye plis opòtinite ekonomik nan Rejyon Finger Lakes la."

Li ka nesesè pou yo fèmen liy ak wout pou ekip yo kapab fini pwojè sa yo. Y ap kominike enpak sa yo ak lòt enpak sou sikilasyon an pandan tout sezon konstriksyon an.

Tout aktivite konstriksyon yo depann sou move tan. N ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double lè yo depase limit vitès nan zòn travay yo. Konfòmman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay yo (Work Zone Safety Act), kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo anile lisans yon moun.

Pou enfòmasyon nan tan reyèl sou deplasman, chofè yo ta dwe rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon 511NY la gratis.

Swiv Depatman Transpò Eta New York sou Twitter nan [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [facebook.com/NYS DOT](https://www.facebook.com/NYS DOT). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://www.facebook.com/NYS DOT).

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konpleman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè reyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)